

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra nyaéta ébréhan pribadi manusa nu mangrupa pangalaman, pamikiran, rasa, jeung gagasan. Pradopo (dina Isnendes, 2010, kc. 5) nétélakeun yén sastra téh mibanda sipat imajinatif, basana konotatif, sarta unsur éstétikana dominan. Karya sastra umumna nyaritakeun kaayaan hirup kambuh manusa di masarakat. Maju henteuna peradaban masarakat bisa katitén dina aprésiasi jeung ngajén karya sastra nu aya dina jamanna.

Sastra Sunda, dumasar kana waktu gelarna dibagi dua, nyaéta sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modérn Koswara (2011, Kc. 2). Genre sastra Sunda buhun aya carita pantun, wawacan, guguritan, mantra, dongéng, pupuh, sisindiran, jeung kakawihan. Genre sastra Sunda modern aya sajak, novel, carpon, jeung drama. Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi jadi tilu, nyaéta puisi, prosa, jeung drama.

Drama nyaéta karya sastra nu midangkeun carita atawa lakon ngaliwatan dialog. Nurutkeun Sumardjo (1997, Kc. 128), drama nyaéta karya sastra anu ditulis dina wangun dialog jeung dipintonkeun ku sababaraha aktor. Nurutkeun Tarsinih (2016, kc. 40) aya sababaraha définisi drama, diantaranya 1) komposisi sa'ir atawa prosa nu dipiharep bisa ngagambarkeun kahirupan jeung watek ngaliwatan paripolah atawa dialog anu dipintonkeun, 2) carita atawa kisah, khusus disusun pikeun pintonan téater, jeung 3) kajadian anu pikasediheun.

Naskah drama minangka hiji karya sastra tangtu baé mangrupa hasil karya cipta jeung kréativitas manusa anu jadi bagian tina seni, ari seni tangtu baé mibanda unsur kaéndahan. Unsur kaéndahan dina naskah drama mangrupa imaji-imaji nu diadaptasi tina hirup kambuh manusa. Ieu hal luyu jeung Tambajong (dina Darisman, 2015, kc. 1) anu nétélakeun yén naskah drama mangrupa hasil tina kontéplasi akal jeung perasaan pangarang dina nyanghareupan kahirupan nu

nyata. Salaku hasil karya cipta jeung kréativitas manusa, di sakola ogé diajarkeun ngeunaan drama.

Pangajaran drama di sakola bisa jadi hiji média anu éfektif pikeun melakkeun ajén-inajén anu aya patalina jeung aspék kahirupan. Dina neuleuman naskah drama kaasup hal anu teu gampang, diperlukeun kaparigelan ngajarkeun drama di sakola. Guru kudu ngawasa kana tiori ngeunaan drama, sangkan pangajaran drama di sakola ngahontal tujuan anu dipikahayang. Tapi dina kanyataanna guru kurang parigel dina ngajarkeun drama ka siswa, éta hal disababkeun guru kurang maham kana tiori ngeunaan drama, salian ti éta buku atawa panalungtikan ngeunaan drama kasebut langka pisan, antukna pikeun néangan référénsi ngeunaan naskah drama téh hésé. Faktor séjénna anu nyababkeun pangajaran drama di sakola kurang éfektif nyaéta minat siswa dina maca drama, jaman kiwari siswa resep kénéh nongton drama salaku seni pertunjukan tibatan drama salaku karya sastra, padahal drama salaku karya sastra jeung drama salaku pintonan sarua pentingna. Pangajaran drama méré pangaweruh leuwih jero ka siswa pikeun dijadikeun enteung dina ngalakonan kahirupan. Ku kituna perlu aya panalungtikan ngeunaan naskah drama salaku diménsi karya sastra, anu tujuanna ngajembaran pangaweruh pikeun pangajaran drama di sakola.

Satuluyna paradigma pangajaran drama salila ieu masih kénéh aya ditahapan kognitif, anu nyababkeun siswa kurang resep dina pangajaran drama, kudu aya bahan ajar anu bisa ngirut siswa diajar drama. Guru kudu milih bahan ajar saluyu jeung kritéria siswa sangkan tujuan pangajaran drama anu pinuh ku ajén-inajén bisa kahontal. Bahan pangajaran dipiharep méré kontribusi dina nyangkem ajén nu luhung ngaliwatan budaya lokal dina wangun naskah drama, lian ti éta bahan pangajaran anu ngirut ogé bakal ngahudang deui karep siswa sangkan leuwih parigel dina pangajaran drama.

Salah sahiji anu parigel nulis naskah drama nyaéta sastrawan R. Hidayat Suryalaga, anu nepi ka denget ayeuna geus aya tilu puluh dalapan judul naskah drama nu ditulis ku anjeunna, diantarana *Tambang*, *Jéndral Debél nu Débil*, jeung *Muntangan Alif* (Fitriani, kc. 2). Naskah-naskah drama nu ditulis ku R. Hidayat

Tyas Agung Pratama, 2017

Naskah Drama Muntangan Alif Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama Di Smp/Mts

repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Suryalaga pinuh ku gambaran-gambaran sosial masarakat, nu dijerona euyeub ku ajén-inajén kahirupan. Salah sahiji naskah drama anu reumbeuy ku ajén kahirupan, nyaéta naskah drama *Muntangan Alif*. Naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga dikarang taun 2011. Ieu naskah drama nyaritakeun ngeunaan kahirupan manusa anu patalina jeung aspék kaagamaan. Diperankeun ku dua tokoh utama Bapuh jeung Ambu, nyaritakeun lalampahan kahirupan ngaliwatan tujuh tahapan kahirupan nu diadopsi tina tulisan Haji Hasan Mustapa pikeun meunangkeun alam kabagjaan. Naskah drama *Muntangan Alif* pinuh ku ajén-inajén anu perlu dianalisis sangkan apal maksud jeung tujuan tina carita drama *Muntangan Alif*.

Naskah drama *Muntangan Alif* dianalisis ngaliwatan dua ulikan, nyaéta ulikan struktural jeung ulikan sémiotik. Saacan ngulik naskah drama *Muntangan Alif* maké ulikan sémiotik, ieu naskah drama diulik heula maké pamarekan struktural, sangkan leuwih maham eusi naskah drama. Saenggeus ngulik struktur naskahna, panalungtikan dituluykeun kana analisis sémiotik Carles Sander Pierce anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol dina naskah drama *Muntangan Alif*.

Naskah drama kaasup karya sastra nu teu pati loba diguar jeung teu pati loba dipigandrung lamun dibandingkeun jeung karya sastra séjénna. Panalungtikan ngeunaan naskah drama masih kénéh langka dibandingkeun jeung panalungtikan karya sastra séjénna saperti carpon, novel, jeung sajak. Saméméhna panalungtikan anu ngagunakeun ulikan struktural jeung sémiotik kaitung loba tapi réréana nalungtik ngeunaan carpon, sajak jeung novel, panalungtikan drama ngagunakeun ulikan struktural jeung sémiotik mah kaitung jarang. Kacutat panalungtikan ngeunaan naskah drama ulikan struktural jeung semiotik nyaéta (1) tésis Arif Firmanyah (2011) judulna *Naskah Longsér Karya R. H. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran di SMA/MA/SMK (Ulikan Struktural-Sémiotik)*; (2) tésis R Yudi Permadi (2011) kalayan judul *Telaah Semiotis Naskah Drama Putu Wijaya sebagai Alternatif Bahan Ajar dalam Pembelajaran Drama di Perguruan Tinggi (LPT) Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia*; jeung (3) skripsi Sanjani Rohimakumullah (2012) nu judulna *Analisis Naskah Drama*

Meredong Karya Rosyid E. Abby Saduran tina Naskah Yusistira ANM Massardi: Ulikan Sémiotik.

Dumasar kana tinimbangan di luhur, ieu tesis anu judulna *Naskah Drama Muntangan Alif Karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama di SMP/MTs (Ulikan Struktural jeung Semiotik)* perlu ditalungtik.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu di handap dipedar ngeunaan watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Watesan Masalah

Dina nalungtik naskah drama *Muntangan Alif* diwatesanan ku ulikan struktural anu nyoko kana struktur naratif dumasar tiori Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Struktur formal naskah drama nu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, wawancang, sililokui, aside, episode, jeung epilog. Ulikan sémiotik dumasar tiori Charles Sander Pierce nu ngawengku ikon, indèks, jeung simbol. Satuluyna, éta data téh baris jadi alternatif bahan pangajaran maca drama di SMA/MTs.

1.2.2 Rumusan Masalah

Pikeun medar naskah drama *Muntangan Alif*, tangtu loba carana, boh dina métodena boh dina tilikanna. Sangkan ambahan ieu panalungtikan teu lega teuing, perlu ayana rumusan masalah sangkan leuwih museur dina panalungtikanna. Anapon rumusan masalah ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur naratif nu ngawengku tèma, fakta carita (alur, tokoh, latar/setting), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa) anu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga?
- 2) Kumaha struktur formal nu ngawengku (prolog, dialog, babak, adegan, wawancang, solilokui, aside, epilog) anu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga?
- 3) Kumaha unsur semiotik (*Ikon, indèks, jeung simbol*) anu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga?

- 4) Luyu henteuna naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMP/MTs?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan, udagana nyaéta sangkan henteu mengpar tina rancangan panalungtikan nu geus ditangtukeun, ku kituna ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon pedaranana bisa katitén ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadèskripsikeun karya sastra, hususna naskah drama *Muntangan Alif* pikeun pangajaran maca drama di SMP/MTs ngaliwatan ulikan struktural jeung sémiotik. Salaku kabeungharan karya sastra, naskah drama *Muntangan Alif* mangrupa hasil kréativitas pangarang anu kudu diteleban maksud jeung eusina. Ku kituna penting pikeun neleban jeung neuleuman hasil karya pangarang pikeun pangaweruh masarakat, boh masarakat umum, boh masarakat akademis.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga maksud jeung tujuan pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadèskripsikeun opat hal.

- 1) Struktur naratif nu ngawengku téma, fakta carita (tokoh, *setting*, alur) jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa) anu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga.
- 2) Struktur formal nu ngawengku (prolog, dialog, babakan, adegan, wawancang, solilokui, aside, epilog) anu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga?
- 3) Unsur sémiotik (*ikon*, *indèks* jeung simbol) anu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga.
- 4) Luyu henteuna naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMP/MTs.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu baé kudu aya mangpaatna, utamana keur balaréa. Ku kituna, ayana ieu panalungtikan bisa méré mangpaat. Anapon mangpaat ieu panalungtikan bisa ditingali tina dua sisi, nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun namabahan kaweruh utamana dina widang karya sastra, hususna naskah drama. Ieu panalungtikan bisa jadi tatapakan pikeun analisis naskah drama anu séjénna. Lian ti éta, dipiharep ieu ulikan téh bisa ngalengkepan ulikan-ilikan séjénna ngeunaan naskah drama anu geus dipigawé saméméhna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan di antarana:

1) Pikeun nu nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik leuwih teleb mikanyaho kana naskah drama *Muntangan Alif* anu mangrupa bagian tina karya sastra. Lian ti éta, pikeun numuwuhkeun deui karep dina neuleuman ma'na naskah drama pikeun jadi picontoeun jeung pieunteungeun. Atuh satuluyna dipiharep bisa numuwuhkeun karesep kana karya sastra drama.

2) Pikeun Masyarakat

Ieu panalungtikan tangtu bakal nambahan invéntarisir karya sastra anu aya di masarakat ditilik tina jihad sastra. Pangaweruh masarakat kana naskah drama dipiharep bisa jadi tatapakan pikeun pangaweruh, utamana pikeun picontoeun jeung pieunteungeun dina kahirupan. Lian ti éta, ieu bisa jadi salasahiji tarékah pikeun kajembaran basa, sastra, jeung budaya Sunda.

3) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kajembaran dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda anu euyeub ku sarupaning analisis karya sastra khususna struktural jeung sémiotik.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan bakal disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab. Anapon sistematikana bisa katitén ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus panalungtikan, mangpaat anu hayang dihontal ku ayana ieu panalungtikan, boh sacara tinulis boh sacara praktis, jeung raraga nulis anu jadi dasar struktur panulisan dina ieu panalungtikan.

BAB II ULIKAN PUSTAKA

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan sajumlahing téori jeung konsép anu bakal dipaké pikeun medar jeung mesék analisis naskah drama *Muntangan Alif*. Éta konsép téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu luyu jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar naon ari sastra, drama, struktur naratif, struktur formal naskah drama, naon anu dimaksud sémiotik sakumna pamanggih para ahli dina éta widang, jeung naon ari bahan pangajaran pikeun medar data panalungtikan.

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sangkan kagambar jalur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, jeung analisis data sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar perkara hasil panalungtikan, anu dipatalikeun jeung rumusan masalah ogé kajian pustaka di bab II. Kalayan jéntré bakal dipedar data naon waé anu kapanggih dina ulikan struktur naratif jeung struktur formal

Tyas Agung Pratama, 2017

Naskah Drama Muntangan Alif Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama Di Smp/Mts

repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

naskah drama. Satuluyna didadarkeun ogé data dina ulikan sémiotik jeung ngajadikeun hasil panalungtikan salaku alternatif bahan ajar dina pangajaran drama.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta ditepikeun ogé sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan, pangpangna ngeunaan rékoméndasi naon baé anu kudu dilaksanakeun kahareupna saréngsena dilaksanakeun panalungtikan. Kakurangan panalungtikan ditepikeun sangkan bisa jadi rujukan dina panalungtikan anu dilaksanakeun kahareupna.